

# Repatisyon Nivo 101

## Sa W Dwe Konnen epi Poukisa Sa Enpòtan

### Li detèmine Reprantasyon nan Kongrè

Chak 10 an, se konte yo konte popilasyon an nan resansman desenal la ki detèmine ki kantite syèj chak eta (state) ap genyen nan Chanm Reprantan Etazini an. Aprè premye resansman an nan lane 1790, chak manm Lachanm Etazini reprezante anviwon 34,000 moun. Jounen jodi, chak grenn manm reprezante plis pase 700,000 moun.

Pwosesis sa a, ki rele repatisyon, se youn nan itilite ki pi enpòtan nan rezilta resansman yo paske li enfluyans vwa pa w nan Kongrè. Efektif Resansman 2020 an konte yo epi k ap sèvi pou fè repatisyon an gen landann ni kantite moun k ap viv nan chak eta (state), ni militè ki nan lòt peyi epi ni anplwaye sivil federal ak manm fanmi yo ki abite avèk yo ki kapab konte nan eta (state) orijin pa yo.

### Li nan Konstitisyon Etazini an

Atik 1, Seksyon 2 Konstitisyon Etazini an egzije pou chak 10 an yo konte popilasyon an, yon fason pou yo ka fè repatisyon syèj yo nan Kongrè.

### Kijan sa Fèt

Depi 1940, yo te toujou itilize “Metòd Pwopòsyon Egal” la pou repati 435 plas nan Chanm Reprantan Etazini an. Chak eta (state) resevwa yon plas, dapre Konstitisyon an. Apre sa, yo itilize yon fòmil ki pou distribye rès 385 plas yo. Fòmil la kalkile kantite sa yo dapre popilasyon total chak eta (state) epi

dapre kantite plas potansyèl chak eta (state) ka resevwa. Yo klasifye kantite sa yo pou yo ka detèmine konbyen plas adisyonèl chak eta (state) ap resevwa.

Popilasyon Distri Kolonbya a, Pòtoriko, epi Zòn Zile Ameriken yo pa nan kalkil sa a paske yo pa genyen plas pou vòt nan Chanm Reprantan Etazini an.

### Li detèmine Kantite Vòt Elektoral yo

Kantite vòt elektoral yon eta (state) jwenn baze sou reprantasyon l nan Kongrè. Eta (state) yo resevwa yon vòt elektoral pou chak de senatè l yo, plis yon vòt pou chak plas li genyen nan Chanm Reprantan Etazini an. Kantite plas li yo, se sou resansman an yo baze.

### Li Gen Enpak sou Fwontyè Lejislatif yo

Aprè resansman an, si gen chanjman nan popilasyon an ak nan reprantasyon devan kongrè pami eta (state) yo, sa egzije nòmalmman pou yo retrase fwontyè distri yo anndan eta (state) yo. Biwo Resansman an bay eta (state) yo efektif moun yo konte nan popilasyon lokal y ap bezwen pou yo ka retrase oswa “redekoupe” fwontyè kongresyonèl yo ak lòt fwontyè lejislatif nan lòt pwodwi done redekoupaj pi devan an.

Dosye Laprès pou Repatisyon

<[www.census.gov/newsroom/press-kits/2021/2020-census-apportionment-counts.html](http://www.census.gov/newsroom/press-kits/2021/2020-census-apportionment-counts.html)>

Konekte avèk nou  
@uscensusbureau

Pou plis enfòmasyon:  
**2020CENSUS.GOV**

D-FS-GP-HT-045

09/02/2021

Shape  
your future  
START HERE >

United States®  
**Census**  
**2020**